

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan méré gambaran ngeunaan rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé* nu medal taun 2011 ti mimiti bulan Januari nepi ka Désémber ditilik tina aspék eusi, kabasaan, jeung téhnik panulisanana sarta analisis ieu rubrik pikeun bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur.

Dumasar kana masalah jeung tujuan panalungtikan nu dipedar dina bab saméméhna, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti di handap.

- a. Ditilik tina aspék eusi, topik nu digunakeun aya 10 topik, nya éta, 8 topik mandiri, nu ngawengku topik sosial, politik, kabudayaan, basa, lingkungan, kasenian, atikan, jeung sajarah; sarta 2 topik ngahiji, nu ngawengku topik kasenian jeung lingkungan sarta kabudayaan jeung politik. Topik-topik ieu mangrupa hal nu patali jeung kahirupan masarakat, ngirut ati, sarta penting pikeun dipikanyaho ku pamaca. Rubrik Balé Bandung nu medal dina taun 2011 jumlahna 48 judul utama sarta tiap judul utama aya 1—3 subjudul. Judul nu ditulis mangrupa kecap, frasa, jeung kalimah. Judul nu dipilih unik, kréatif, alus, tur luyu jeung eusi éséy. Eusi dimekarkeun sacara runtut jeung sistematis nepi ka ngajanggélék hiji wanda tulisan éséy nu hadé.
- b. Ditilik tina aspék kabasaan, rubrik Balé Bandung ngagunakeun palanggeran éjahan basa Sunda, sok sanajan teu konsistén nalika ngalarapkeun *é* (*é téléng*) dina nuliskeun kecap, sarta aya sawatara kasalahan dina

ngalarapkeun éjahan, nu ngawengku kana kasalahan nuliskeun aksara 133 siki, kasalahan nuliskeun kecap 41 siki, kasalahan nuliskeun angka jeung lambang bilangan 9 siki, sarta kasalahan tanda baca 343 siki. Patali jeung diksi, kekecapan nu digunakeun mangrupa kekecapan nu populér, hampang, gampang kaharti, jeung ringkes. Dina saban éséy aya kekecapan nu alus sarta kekecapan nu asalna tina basa deungeun.

- c. Ditilik tina aspék téhnik panulisan, paragraf nu ngawangun éséy rubrik Balé Bandung sacara umum alus. Jumlah dina satiap éséy antara 6—12 paragraf nu kabagi jadi paragraf bubuka, panghubung, jeung panutup. Tapi, aya sababaraha kasalahan dina cara nulis tur 45 kasalahan nalika ngagunakeun kecap awal paragraf. Ditilik tina tempat kalimah utamana, karéréanana paragraf nu ditulis mangrupa paragraf déduktif. Struktur panulisan éséy, ngawengku panganteur/bubuka, eusi, jeung kasimpulan/konklusi nu ngawangun hiji éséy nu gembleng. Dina ngawangun eusi, éséy dina rubrik Balé Bandung ieu kabagi sababaraha wanda panulisan, nya éta arguméntasi, conto, éksposisi, klasifikasi, jeung perbandingan.
- d. Rubrik Balé Bandung nu medal dina taun 2011 bisa dijadikeun bahan pangajaran nulis éséy di paguron luhur, hususna dina mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, sim kuring nyawang sababaraha hal nu ku sim kuring dijéntrékeun dina sababaraha saran nya éta.

- a. Pikeun mahasiswa, kacida alus saupama maca rubrik Balé Bandung dina majalah *Manglé*. Lian ti bisa nambahan pangaweruh, ogé bisa ngajadikeun mahasiswa mikir kritis tur jadi salasaurang *agent of change* pikeun ngaronjatkeun kamajuan, karaharjaan, jeung katingtriman, boh di tatar Sunda boh di Indonesia, sarta hal positif lianna. Lian ti kitu, rubrik Balé Bandung bisa jadi conto jeung acuan dina nulis éséy.
- b. Pikeun dosén Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI, hususna dosén mata kuliah Menulis Karya Populér, rubrik Balé Bandung bisa jadi tinimbangan pikeun dilarapkeun salaku pilihan bahan pangajaran dina pelajaran nulis éséy.
- c. Pikeun Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI, dina kurikulum mata kuliah Menulis Karya Populer, karya populér anu kaunggel dina silabus ngan ngawengku kana berita, *feature*, artikel, résénsi buku, kolom, tajuk, jeung surat pembaca. Padahal éséy kaasup salasahiji bagian tina karya populér nu diajarkeun. Nilik tina hal ieu, perlu diayakeun parobahan dina kurikulum mata kuliah Menulis Karya Populer di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI ku cara ngabuskeun pangajaran éséy kana kurikulum (silabus).
- d. Pikeun panulis rubrik Balé Bandung sarta redaksi majalah *Manglé*, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan tinimbangan, hususna pikeun ngaronjatkeun ajén rubrik Balé Bandung umumna ajén majalah *Manglé*.

